

Atik 1557: Pwotection Moun yo Kont Diskriminasyon ki Baze sou Sèks

Atik 1557 la se yon pwovizyon legal sou dwa sivil nan Affordable Care Act (Lwa sou Swen Abòdab) 2010 la. Atik 1557 la entèdi diskriminasyon pou rezon ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, oswa andikap nan sèten pwogram ak aktivite sante. Règleman final Atik 1557 la aplike pou tout pwogram sante oswa aktivite sante, nenpòt pati ladan yo ki resevwa finansman nan men Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun) tankou, lopital ki aksepte Medicare oswa dokte ki resevwa pèman Medicaid; Health Insurance Marketplaces (Akò pou Asirans Sante) oswa konpayi ki patisipe nan Akò sa yo; ak tout pwogram sante HHS nan jere menm.

Règleman an fè konpran klè ke li entèdi pou fè diskriminasyon ki baze sou sèks dapre Atik 1557 la ki enkli diskriminasyon ki baze sou:

- Sèks yon moun
- Gwosès, akouchman ak kondisyon medikal ki lye ak bagay sa yo
- Idantite seksyèl
- Kategori seksyèl

Pwotection kont Diskriminasyon sou Baz Sèks

- Yo paka refize moun swen sante oswa asirans sante sou baz sèks yo, ki enkli idantite seksyèl ak kategori seksyèl yo.
- Yo dwe trete fanm menm jan ak gason nan swen sante y ap resevwa ak asirans y ap jwenn.
- Eksklizyon oswa limitasyon ki selektif nan kouvèti pou tout sèvis sante ki gen rapò ak tranzisyon sèks se diskriminasyon.
- Yo dwe bay yon moun tretman ki konfòm ak identite seksyèl li, sa enplike aksè nan lokal yo. Men, prestatè yo pa ka refize oswa limite tretman pou okenn sèvis sante ki disponib dabitid oswa ki espesyal a moun ki fè pati yon sèks palefèt ke yo idantifye yon moun k ap chèche sèvis sa yo kòm moun ki fè pati yon lòt sèks.
- Yo otorize pwogram sante oswa aktivite ki espesifik ak yon sèks sèlman si enstitisyon an ka demontre yon jistifikasiyon ki ekstrèman konvenkan, ke pwogram oswa aktivite sante ki espesifik ak yon sèks la enpòtan pou atenn yon objektif ki gen rapò ak sante oswa yon objektif syantifik.
- Alòske règleman final la pa rezoud kesyon pou konnen si diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl yon moun sèlman, se yon fòm diskribinasyon seksyèl dapre Atik 1557 la, règleman an rann li klè ke OCR (Biwo Dwa Sivil la) ap evalye plent ki pwoteste kont diskriminasyon seksyèl ki lye ak oryantasyon seksyèl yon endividé pou detèmine si yo genye kategori diskriminasyon Atik 1557 la ka abòde yo. HHS la apiye entèdiksyon diskriminasyon kont oryantasyon seksyèl kòm yon kesyon politik e l ap kontinye kontwole devlopman legal konsènan pwoblèm sa.

Pou plis enfòmasyon konsènan Atik 1557 la, ale sou <http://www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557>.